Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 35 (7384)
15 Август 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## И. Нурмагомедов поздравил Главу РД с юбилеем



**Уважаемый Владимир Абдуалиевич!**

От имени работников администрации, депутатов районного Собрания, Общественной палаты, жителей Унцукульского района и лично от себя примите искренние поздравления с Вашим юбилеем!

Этот знаменательный день в жизни каждого человека олицетворяет собой прекрасный союз приобретенной с годами житейской мудрости, профессионализма, ценного багажа знаний и энергичности, работоспособности и уверенности в своих силах!

Истинный лидер и талантливый организатор, для всех нас Вы являетесь символом новой России, служите примером умения последовательно и четко решать самые сложные задачи.

В этот праздничный для Вас день желаем бодрости, неисчерпаемого запаса физических и духовных сил для плодотворной работы на благо республики и осуществления всех Ваших замыслов!

Пусть в делах Вам сопутствуют удача и успех, жизненный оптимизм и хорошее настроение не покидают Вас, и каждый день дарит Вам мир, гармонию и счастье! Крепкого здоровья и благополучия Вам и Вашей семье!

**С уважением, глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

## Аппараталъулаб совещание

13 августалда тIобитIана иргадулаб аппараталъулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, Собраниялъул пред. М. Юсупов, отделазул начальникал, специалистал.

Аслиял суалал рукIана налогал ракIари, ракьал тIад хъвай, неформалияб занятость, цIияб цIалул соналде школал хIадури ва гь.ц. КIалъазе вахъарав бетIерасул зам С. АрулмухIамадовас бицана щибаб росулъ рейдалъулал тадбирал тIоритIанин неформалияб занятость къватIиб чIвазабиялъе, гьел хIалтIаби жеги унел ругин. Школазда ремонталъулал хIалтIаби унел ругеб куцалъул бицана лъай кьеялъул начальник Л. МухIамадгIалиевас.

Гьединго данделъиялда бицен ккана школазда терроризмалде данде чIарал паспортизациял гьариялъул, Генуб росулъ нухал къачIаялъул, Рихьуниб лъим бачиналъул, школал цIа ккеялдаса цIуниялъул.

## ГIемеррахъазулаб данделъи

Араб анкьалда районалъул администрациялъул конференц-залалда букIана гIемерал мурадал гьоркьоре рачараб данделъи.

Гьелъул хIалтIулъ гIахьаллъана бетIерасул заместителал, росабазул бутIрул, ихтияр цIуниялъул органазул хIалтIухъаби ва гIемерал цогидалги.

Данделъиялъул аслияб тема букIана «Комплексное развитие сельских поселений», пачалихъияб программа гIумроялде бахъинаби»,-абураб.

Нухмалъи гьабулев бетIерасул тIоцевесев зам. Сиражудин АрулмухIамадовас бихьизабуна нилъер росабазул муниципалитетазул киналго гьабсагIаталда ругел грантазулъ букIине кколин хIаракатаб гIахьаллъи. Гьедин росабазул бутIрузда тIад къана программаби гIумроялде рахъинариялъе щиб анкьалъго планал гьаризе. Гьеб гуребги данделъиялда тIадчIей гьабуна ополченцазул сияхIал рукIалиде ккезариялде. Гьел ккола 1999 соналда Дагъистаналда террористазде данде контртеррористикиял операциял унеб мехалъ гьоркьор гIахьаллъарал гIадамал.



Общественнияб хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ зам. М. ХIамзатовас бихьизабуна киналго бутIруз гурин списокал щвезарун ругел, гьаруразги гьел кьун ругин щвалде щвечIел. «Къокъал болжалазда рагIа-ракьанде щвезаризе ккола списокал»,-абун бихьизабуна гьес жиндирго кIалъаялда.

Гьединго совешаниялда дистанционниял мошениказул рахъалъ докладгун кIалъана жанисеб хъулухъалъул кIудияв лейтенант, Россиялъул МВДялъул Унсоколо районалда вугев анализазулгун планировкаялъул ва хъаравуллъи гьабиялъул отделалъул инспектор Муслим Сулейманович Мусаев. Гьес бицана хIиллачагIазул къорикье ккезе чIоге, гьединал гIемерлъун ругин, счетаздаса гIарац бикъи бугин, цIодорлъи гьабе,-ян.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго иш тIаде кколезе тIадкъаял кьуна ва тIубазе заман цIана.

## Къуваталъулазулгун дандчIвай



Арал къоязда общественнияб хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатов дандчIвана Нижегородскияб областалдаса нилъехъе рачIарал къуваталъулазул вакилзабигун. Гьел ккола «Временный» КППялъул начальник, полициялул майор, Унсоколо районалда вугев ОТО ВОГОялъул нухмалъулев Владимир Павлович ва ВОГО оперативияб группаялъул начальник, полициялъул полковник Андрей Зимин.

ДандчIваялда щивас бицана жидерго ишал тIуралаго закон цIуни, гIадлу-низам, ихтияр букIинабиялъул формаби ва къагIидаби цIуниялъул, районалда кинабго рахъалъ ахIвал-хIал лъикIлъизабиялъе гьаризесел хIалтIабазул. ДандчIваялъул заманаялда гьединго бицана общественнияб гIадлу-низам цIуниялъул ишазулъ цоцазе кумек гьабиялъул, гIадамазул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул ишазул.

Къокъго абуни дандчIвай ана гара-чIвариялъул къагIидаялъ, къуваталъулаз цере лъуна росабалъ гьезул бутIрузгун цадахъ рекъон хIалтIи бачин букIинабизе ккеялъулги.

## БукIинесеб тадбир данд бана

13 августвлда райадминистрациялда букIана Кавказалъул рагъул бахIарчи имам Шамилил нухмалъиялда гъоркь АхIулгохIда ккараб рагъ лъугIаралдаса 180 сон тIубаялде гьаризесел хIалтIабазул бицунеб данделъи. Гьенире данделъун рукIана районалъул киналго жавабиял гIадамал. БетIерас бихьизабуна Шамилил мисалалда гIолилал куцаялъе гьаризесел хIалтIаби дандрай бугин гьаб данделъиялъул мурад–абун. 24 августалда мемориалияб комплекс бугеб бакIалда гьаризесел тадбиразул бицана гьениб. Тадбиралда кIалъазе руго Дагъистаналъул рухIияб гIумроялъул гIалимзаби, чанго номинациялда тIоритIизе руго гIолилазда гьоркьор конкурсал, СМИялъ рахъизе руго тарихалда хурхарал материалал.



1944 соналъул 17 июлалда Москваялъул къватIаздасан хасаб хъаравуллъиялда гъоркь цере къотIана Белоруссиялъул 1-2-3 фронтаз асир гьарурал немцазул солдатазул къокъаби. Фашистазда абуни доб 1941 соналдаго ракIалда букIана багIараб площадалда жидерго къуваталгун парад тIобитIизе, киса-кирего гьединал листовкаби рукIана гьез тIиритIизарулел. Нилъеца «кумек гьабуна» Гитлерие рагIи ккезе. Гьеб къоялъ Москваялда 57,600 гьезул асирал, гьездасан 19 генерал хьвадана Москваялъул къватIахъан къезаруразул парадалда. Гьеб унеб букIана 11:00 тIубаралдаса 19:00 тIубазегIан. Хадур асирал ритIана лагеразде. Гьедин тIуразаруна нилъеца фашистазул анищал.

Тарих: КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун - 75 сон

Алексей Филиппов

# ГьалагӀлъаразул гъоркьан хIалтIи

1944 соналъул 20 июлалда полковник граф Кляус Шенк фон Штауффенбергица Гитлерил совещание гьабулеб рокъобе босана «Волфшанце» портфель, гьелда жаниб букIана взрывчатка. Африкаялъул Роммеля корпусалда вагъулаго Штауффенберг ватIалъун вукIана квегIаб бералдаса, кваранаб квералдаса, квегIалъул кIиго килищалдаса. Гьедин гIажизав вугониги гьесухъа бажарана детонатор хIаракатчилъизабун. Кьвагьулеб жо лъураб рокъоса гьев хехго къватIиве ворчIана, хадув вукIарав офицерас портфель хIатIица добегIан цуна. СагIат 12.42 минуталда бахъана кьвагьи….

Гитлер гьеб нухалда хвасарлъана ракьулъ бугеб бункералъуб гуреб, тIад гьеб цIунун гьабураб бакIалда данделъи тIобитIулеб букIиналъ. Кин бугониги гьесул бохдулъ букIана 100 гIан батIи-батIиял гулбузул кескал, бихьизабун букIана гьеж, тIутIун рукIана гIундул, лъукъ-лъукъун букIана гьумер. Кинабго абуни лъугIана сордо-къо гIечIеб заманалда жаниб. Штауффенберг ва лъабго офицер чIвана гьеб сордоялъго ракъдада хьвадулеб резервалъул штабалъул азбаралъур.

Гитлерида данде рахьин букIана жидедего балагь бачин

Властalde вачIарав Гитлерил рахъ кколаан рагъухъабаз. Амма киназго гуребха. 30 абилел саназул байбихьуда лейтенант Штауффенбергица ругьун гьарулаан штурмовикал, армиялъул арсеналадаса гьезухъе ярагъ щвезеги кумек гьабулаан. Гьеб мехалдаса нахъего тIадегIанаб хIадурлъи щварал рагъухъаби рукIана Гитлерида данде. Гьезда бичIчIулеб букIана дунялалъулго рагъалъ Германия сунде бачине бегьулебали. Руралде аскар бучунагоги, Судеталъул Кимзисалдаса хадубги, Польшаялде кIанцIилалдеги генералал хIадурго рукIана Гитлерил власть кIалагъоркье чIвазабизе. Амма Англияги Франицияги Гитлерил нух ккун чIана, гьедин гьезухъа кинабгоги бажарун ана. Версалалъул рекъел гIодобегIан гьабиялъе гIологи гьес къисас босана, рукIалиде ккезабуна Рейх, цо пачалихъалде руссинаруна немцал. Гьес мерхьана тушман, Франция, армия Москвалде гъоркье бачана, гьесул бажари киса-кибего машгъурлъана ва жиндирго гьесда данде рахьин букIана жалго жидецаго чIваялда бащадаб. Киназулго къисмат тIубалин лъугьарав Гитлерида данде рахьин битIараб букIарабищ?

Амма 1944 соналъул риидал Нормандиялда букIараб Анго-Американкаялъул «Багратион» операциялдаса хадуб бичIчIана Гитлер рагъулъ къвараблъи. Генералаздаги полковниказдаги гьеб бичIчIун букIана, амма Германия жеги Гитлерида божун букIана.

«Фюрерасе наркотик»

1944 соналъул риидалиде Гитлер тIуванго чIунтелалде сверана. Гьесул квегIаб квер сородулаан, кваранаб бералда канлъи бихьулароан, кIичIараб мугъзал чIолоялъул унтуца зама-заманалда хIал батулаан, дагьавго къулунги ун вукIана гьев. Кванирукъалъул унтуца кIвекIулев вукIунаан, ракI хиси, сорой бачIин, загIиплъи, депрессиялъул унтаби рачIин, хваликьа хIинкъи гIемерлъун букIана ахирияб заманалда. Жиндаго хъаравуллъи гьабизе кIолароан, гIемераб мехалъ гьабулеб бугеб жо лъаларедухъ вукIунаан. 1942 соналда букIараб гриппалдаса хадуб гьес хIехьоларoан цIикIкIараб канлъиcин. Гьедин врачаз гьесие хъвана первитин ва гьелда цIар тана «наркотик фюрера»,-абун. 1944 соналде гьев лъугьун вукIана жиндирго рагIадлъун, гIемер заманаялъ гьев вихьичIел гIажаиблъун хутIулаан гьесухъ балагьун. Амма жеги нацистазулаб хIукумат фюрерил цIаралда тIад букIана.



Клаус Шенк фон Штауффенберг - квегIиса рагIалда



Покушение гьабураб бакI



Клаусихъа бажаричIо Германиялде - ВатIаналде тIад вуссине.

Кинавха Гитлер вукIарав?

Немцазул нацизмалъул цIех-рех гьабурав Олег Пленковас Гитлерил феномен бихьизабулеб буго немцазул культураялъул гIиси-бикьинал коммерческиял заказал тIуразарулев, лъай щвечIев художник-самоучка, рагъул бахIарчилъун вахъарав гIадин, романтическияв геройлъун гьев вихьулев вукIиналъ. ГIадатияв солдат вахъуна гвангъарав ораторлъун. Гьес бахъула власть, чанго рагъулъ бергьуна, гьарула бицине хIинкъарал, цере чIезаризе кIоларел пасалъаби, хIарамзадалъи. Кинабниги 13 сон бана Гитлерица властalda. Гьеб букIана бицун бажаруларeб гIаданлъиялдаса бахъараб, цо кинабалиго щайтIаналъулаб гIадаб власть…

1944 соналда англо-американазул бомбардировщиказ Берлин чIунтелалде буссинабуна, Гитлериде абуни абизе байбихьана вампир абун. Амма Германия цебего гIадин хутIана фюрерил пачалихълъун. Немцал божун рукIана кинабалиго хIикматалда, ай гьесда божун рукIана. Данде рахъарал мекъи ккун рукIинчIо, Гитлер чIвазе кколаан.

Аралъе гIоло букIинесеб гьечIого

Дандерахьин лъугьунгутIиялъ ккарал хIасилал, ай чIварал гIадамазул сияхI тарихалда батIи-батIиял руго, 200ялдаса 4980чиясде щвезегIан. Плетцензее туснахъалда кварида вана фельдмаршал, кIиабилев ана гьез гьанкъизегIан чIечIого. 19 генерал, 26 полковник, кIиго посол, цо министр, лъабго пачалихъияв секретарь, Берлиналъул полициялъул начальник ва Рейхалъул криминалияб полициялъул шеф ва гь. ц. Ахирисев групенфюрер СС Небе вукIана гIодосаго рагъулав такъсирчи – гIемерисел цогидал данде рахъаралго гIадин. Гьезда гьоркьор рукIана Рейх цIунизе бокьарал рагъулал махщелчагIиги, Западгун рекъарал, христианал-демократал, либералал ва «националияб революциялъул» рахъ кколел.

Данде рахъарал рукIана солдатал гьечIел офицерзаби. Гитлерица лъугIизаруна киналго данде чIарал, батIияб пикру гьабулел, халкъалъул кквей гьезул букIинчIо. Кинабго лъугIана Гитлер чIаго вукIин лъайдал. Гитлер телефоналдаса кIалъан вачIиндал охранияб батальоналъул командир Рёмерица Геббельс чIезавичIо, ана жиндирго начальство жаниб лъезе. Киса-кибего лъугьана гьедин, цо-цо генералал лъугьана власть кодобе босизе. ЦIидасан гIуцIараб Гитлерил Германиялъ тIагIинаруна Штауффенбергил рахъ кколелщинал. Абула бихьинал кварида ранин, руччаби гильотиналде (бутIрул къотIулеб бакI) анин.

Хадур рахъарал Штауффенбергил пикру цо-цоязе бокьун букIана Германия Прессиялъул къагIидаялъул рагъулаб асарги цIунун, рицаразул рухIиял хасиятгун цIи гьабизе. Амма союзниказ гьелъие хIинкъи кьолеб букIана . Гьанжесеб ФРГ я Гитлерил я Штауффенбегил идеязде данде кколаро.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 35 (7384)
Хамиз
15 Август 2019 сон

3 гьумер

**С а д о в о д**

Страница в номере



# Памятка
## о защите от действий дистанционных мошенников

Министерство внутренних дел республики обращается к гражданам! В последнее время на территории Российской Федерации, з том числе и на территории Республики Дагестан, участились следующие случаи совершения мошенничеств с использованием мобильной связи и сети Интернет: —под видом работника банка к Вам звонят обращаются по имени и отчеству, после чего сообщают, что в связи со сбоем в системе безопасности заблокировалась Ваша банковская карта, либо кто-то пытался несанкционированно списать с Вашего счета денежные средства, в связи с чем карта заблокирована и для ее разблокировки необходимо сообщить ее номер, срок действия, а также код безопасности, указанный на оборотной стороне. Получив указанные сведения от гражданина, преступник вводит их в любом интернет-сервисе по переводам средств между банковскими счетами, после чего просит назвать поступивший в смс-сообщении от абонента «900» пароль, который предназначен для подтверждения перевода Ваших денежных средств.
(Ни один банк не проводит операции, связанные с разблокировкой, заменой и т.п. банковских карт, вне операционного офиса и без предоставления паспорта своего клиента. Информацию о Вашем имени и отчеству, а также последних 4-ех цифрах номера карты, мошенник узнает в свободном доступе посредством приложения «Сбербанконлайн», в случае если Ваш телефон «привязан» к банковской карте. При поступлении такой информации, сразу обратитесь в офис банка, не сообщайте никаких сведений по телефону и не производите никаких действий по указанию звонящего).
- Вы разместили на одном из интернет-сайтов объявление о продаже товара. Вам позвонили и в ходе телефонного разговора пояснили, что намереваются приобрести данный товар, и просят номер банковской карты для перевода Вам денежных средств в счет оплаты стоимости товара, за которым потом якобы приедет курьер. Получив номер банковской карты, звонивший поясняет, что у него банковская карта стороннего банка и что для перевода средств также необходимо назвать срок ее действия, а также код безопасности указанный на. оборотной стороне, после чего просит назвать поступивший в смс-сообщении от абонента «900» пароль, который предназначен для подтверждения перевода Ваших денежных средств на счет мошенника.
(Никогда не сообщайте реквизиты своей банковской карты, для перевода предоплаты потенциальным покупателем, в случае если Вы продаете свое имущество через интернет!!! Для перевода денежных средств на счет любой банковской карты необходимо знать только ее номер, указанный на лицевой стороне. Срок действия карты, код безопасности, указанный с оборотной стороны, а также пароль, поступивший от банка з смс-сообщении, никому нельзя называть, в том числе работникам банка.
- Вы разместили на одном из интернет-сайтов объявление о сдаче в аренде недвижимости. Вам позвонили и в ходе телефонного разговора как правило представились военнослужащим, которого переводят для прохождения дальнейшей службы в Ваш город. Несмотря на то, что звонивший не видел квартиру, он поясняет что его устраивает данный вариант, в связи с чем он или бухгалтерия воинской части, намерены перевести вам предоплату за несколько месяцев вперед. Однако для бухгалтерской отчетности якобы необходим чек, свидетельствующий о получении Вами аванса, в связи с чем звонивший просит подойти Вас к банкомату, вставить банковскую карту и проделать под его диктовку ряд манипуляций, а также назвать пароли, поступившие в смс-сообщениях от банка. После этого, мошенники похищают средства со счета Вашей банковской карты, либо осуществляют вход в Ваш личный кабинет «Сбербанк онлайн» и при наличии у Вас вклада, переводят средства со счета вклада на счет Вашей же банковской карты, после чего просят вернуть их обратно, якобы ошиблись в сумме, и Вы предполагая что эти деньги действительно Вам перевели ошибочно вносите их на счета абонентских номеров, указанных мошенником.
(Никогда не сообщайте реквизиты своей банковской карты, для перевода предоплаты, н один здравомыслящий человек не переведет Вам денежные средства в счет аренды жилья, увиденного на фотографиях. Для перевода денежных средств на счет любой банковской карты необходимо знать только ее номер, указанный на лицевой стороне. Срок действия карты, код безопасности, указанный с оборотной стороны, а также пароль, поступивший от банка в смс-сообщении, никому нельзя называть, в том числе работникам банка.
- Вы разместили на одном из Интернет сайтов заявку на получение кредита. Через некоторое время Вам в телефонном режиме поступило уведомление об одобрении заявки, якобы одним из коммерческих банков. Затем для предоставления кредита, звонившие просят перевести им средства под предлогом открытия счета в их банке, оплаты страховки, курьерских расходов и т.д.
(Не производите никакие оплаты!!! Ни один банк не предоставляет кредит без составления кредитного договора и посещения их офиса. Кроме того, заключение кредитных договоров в банках, а также микрофинансовых организациях не предусматривает дистанционную оплату каких-либо услуг, до оформления кредитного договора).
- Вы решили приобрести товар, размещенный на сайте объявлений, либо в интернет-магазине, в том числе в социальных сетях «Инстаграмм», «В контакте» и т.д., который продаётся по привлекательной цене. Мошенник как правило просит перевести ему предоплату, либо оплатить полную стоимость товара, после чего обязуется отправить его транспортной компанией. С целью введения в заблуждение, преступник может отправить по электронной почте копию паспорта гражданина РФ, якобы принадлежащего ему, либо договор купли-продажи с печатью и реквизитами той или иной организации. После получения денежных средств, телефон покупателя добавляется в «черный» список.
(Не производите полную или частичную оплату стоимости товара, либо предоставляемой услуги до его получения!!! Постарайтесь встретиться лично или тщательно перепроверьте информацию, просмотрите отзывы в интернете о поставщике товаров или услуг!!! Предоставляемые Вам фотографии паспортов являются отредактированными фотографиями утерянных паспортов граждан, в которых с помощью фото-редакторов вносятся недействительные сведения. Договоры купли-продаж также являются поддельными, несмотря на то, что указанные в них организации состоят на учете в налоговом органе. Как правило данные организации являются фирмами однодневками.
- Вам позвонили и представились близким родственником, который попал в беду (ДТП, драка и т.д.). Затем в разговор вступает другое лицо, представившееся сотрудником полиции, который требует для возмещения причиненного вашим родственником вреда, либо для отказа в возбуждении уголовного дела, в отношении него, денежные средства. {Будьте бдительны, спокойны, не бойтесь запугиваний! Задайте звонящему наводящие вопросы о своем родственнике, у который якобы попал в беду. Ни в коем случае не переводите денежные средства на указанные Вам счета. Немедленно свяжитесь с родственником либо с членами его семьи, коллегами или знакомыми, или позвоните в отдел полиции и сообщите о данном факте!!!).
- На Вашу страницу в социальной сети «В контакте» или «Одноклассники» пришло сообщение от вашего знакомого с просьбой одолжить денежные средства.
(Никогда не перечисляйте деньги на незнакомые номера телефонов и банковских карт. Прежде чем одолжить деньги позвоните знакомому, от которого пришло сообщение и убедитесь, что именно он отправил его).
Вам предложили зарегистрироваться на сайте компании, занимающейся купле-продажей акций и валют на фондовом рынке и оказывающей броккерские услуги гражданам, и просят внести на счет компании средства, на которые Вы с помощью советов броккера, будете приобретать акции и извлекать прибыль на разнице курса.
(Ни в коем случае не регистрируйтесь на подобных сайтах, не передавайте незнакомым лицам Ваши персональные данные, а также реквизиты банковских карт. Вы никогда не сможете вывести обратно внесенные на счет компании денежные средства, поскольку деньги как правило переводятся на различные виртуальные кошельки, а также банковские карты иностранных граждан. Данные компании не существуют, сайты зарегистрированы в иностранных государствах. Прежде чем внести средства, просмотрите отзывы о данном сайте. Если бы подобным способом было возможно получение прибыли, то с Вами бы никто не стал делиться данной информацией).
- Вы получили от неизвестного Вам абонента смс - сообщение либо ммс сообщение с предложением пройти по ссылке или загрузить фото, открытку либо музыку. (Никогда не проходите ссылке, указанной в таком сообщении и не загружайте приложения с неизвестных Вам ресурсов. Поскольку Ваш мобильный телефон может быть «атакован» вирусом, в результате чего приложение «Сбербанк-онлайн» блокируется и находящиеся на счет средства переводятся на счета виртуальных кошельков. Помните! Установку приложений рекомендуется производить только с официальных ресурсов).
Вам позвонили и преставились сотрудником компании, проводившей розыгрыш, победителем которого вы стали, либо выиграли в лотерее, или в связи с решением суда вам положена компенсация, для получения которой необходимо оплатить налог, курьерские расходы и т.д.
(Ни одна надежная коммерческая организация или Государственная структура не прибегнет к такому виду информирования населения о выигрыше, унаследовании имущества и т.д. Не подавайтесь искушению мгновенной прибыли!!! Проверьте сведения через интернет или в офисе компании).
Если же вы стали жертвой мошенничеств, незамедлительно сообщайте в Дежурную часть полиции по телефонам «02», (с мобильного «102»), или по телефону «доверия» МВД по РД - 8(8722) 98-48-48.

Школал

# БетӀерас хал гьабуна



13 августалда районалъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовас жинцаго хал гьабуна Генуб Заманаялъул поселокалъул школалда цӀияб цӀалул соналде хӀадурлъи унеб бугеб куцалъул, балагьана цӀалул помещениязухъ, кванил блокалъухъ, материалиябгун техникияб базаялъухъ, кӀвар буссинабуна школалда цӀалулел лъималазе хӀинкъи гьечӀолъи букӀинабеялде, кадрабаздалъун хьезариялде, цӀалул пособиял ва тӀахьал чӀезариялде. Нухмалъиялъе ГӀ. НурмухӀамадовас рагӀи кьуна хӀажаталдалъун кумек гьабизе.

# Доноразул къоялда



9 августалда Шамильхъалаялда бугеб Республикаялъул Районазда гьоркьосеб гӀемерпрофилазул больницаялда республикаялъул бидул жаваб кьолеб станциялъ тӀобитӀана «Донорасул къо». Гьеб акциялда гӀахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул, учреждениял организациязул, ихтияр цӀуниялъул органазул хӀалтӀухъабаз, общественностиялъул вакилзабаз, гӀадатиял гӀадамаз.

Киналго жидеего бокьун би кьезе рачӀаразул врачаз гарачӀвари гьабуна, сахлъиялъул хал гьабуна. Щивасда лъана жиндирго бидул группа ва гь.ц.

Кьураб би ине буго гьелде хӀажалъи ккарал хвасарлъиялъе.

Туризм

# Лъадал туризм цебетӀезабиялъе

Гьал къоязда лъадал туризм цебетӀезабиялъе ва гьелда хурхун хӀинкъи гьечӀолъи букӀинабиялъе муниципалитеталъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовас дандчӀвай тӀобитӀана. Гьелъул гӀахьал чагӀилъун рукӀана районалъул гӀолилазда гьоркьоб хӀалтӀи гьабиялъул ва туризмалъул рахъалъ райадминистрациялъул отделалъул нач. А. МухӀастанов, катеразда хьадиялъул ва лъим ххаялъул хъулухъал гьарулел организациялъул гӀадамал. Бицана экскурсиялъулаб тирасвериялъул интересазул, лъедасан маршрутал гӀуцӀиялъул ва гь.ц.

ГӀ. НурмухӀамадовас абухъе Дагъистаналда рес буго лъедасан экскурсиял гӀуцӀизе, гьелъул туризм цебетӀезабизе. Гьелъие хасго рес буго Унсоколо



районалда. Гьенибго кӀвар кьуна лъеда хӀинкъи гьечӀолъи букӀинабиялдаги.

Законалда рекъон лъел туризм цебетӀезабиялъухъ балагьулел руго.

# ЦӀияб бергьенлъи



10-11 августалда Чачаназул республикаялъул Шали шагьаралда букӀана грэпплингалъул 53ВЕЗД гӀаламаталъулаб турнир. ТӀолабго Дуниялалдаса ва Россиялъул тӀаса рищараздаса цӀакъго къуватал дандчӀвана гьеб турниралда, гьелда бергьарал къеркьезе ругелъулха 22-23 сентябралда Нур-Султаналда Дунялалъул чемпионал цере рахъунел къецазда. Гьадинал руго шартӀал: лъикӀго хӀадурарал грэпплерал 2019 соналда Дуналалъулго чемпионаталде Россиялъул рахъалдасан росиялъул мурадалда. Гьел тӀаса рищи буго цӀакъго захӀматаб ва гӀемерахъазулаб. 53ВЕЗД турниралде риччан руго 2019 соналъул финалистал, 2019 соналъул Россиялъул кубокалъул тӀаса рищарал чемпионал. ХутӀарал тӀаса рищула арал 2017-2018 соназул турнираздасан. Гьезда гьоркьоса къецазде ворчӀана нилъер ракь цояв, рикӀкӀен гӀемерал къецазда бергьарав ХӀажимурад ГӀабдулаев.

Гьанже цӀияб гӀурхъи буго ХӀажимурадида цебе, 2019 соналъул сентябралда Астанаялда букӀине бугеб грэпплингалъул Дунялалъул чемпионаталда гӀахьаллъизе. Гьеб тӀоцебесеб нухалъ ине буго олимпиялъулаб гӀадлунизамалда.

РакӀ-ракӀалъ баркула гьайбатав спортсмен, рухӀияб рахъалъ къуватав инсан ХӀ-М. ГӀабдулаевасда кӀудияб ва иргадулаб бергьенлъи! Гьарула кидаго спортивиябгун рухӀияб къуват лъугӀунгутӀи, хадубккунги мустахӀикъаб рецц, талихӀ, рохел. Астанаялдаги битӀ ккаги, Дуе!

# М.ГӀабдулхӀажиев – «Россиялъул спорталъул мастер»

10-11 августалда Болъихъ районалъул Болъихъ росулъ букӀана 5-абилеб ТӀолгороссиялъул мастерлъиялъул «Наследие-Спарт» ММАялъул жубараб къеркьеялъул турнир. Гьенив 61-кг цӀайиялда чемпионлъун вахъана Унсоколо росулъа гӀолилав ГӀабдулхӀажиев МухӀамад.

Бихьизабизин; гьединго турниралъул хӀасилазда рекъон М. ГӀабдулхӀажиевасе щвана «Россиялъул мастер спорта» - абураб цӀарги. Баркула МухӀамадида тӀадегӀанаб бергьенлъи. Гьарула хадубккунги кидаго бергьаравлъун вукӀине ва жеги тӀадегӀанал хӀасилал щвей. Ниж Дудаса чӀухӀула, хадубккунги гьабулелъулъ битӀ ккаги!



Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района
Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 14 . 08. 19 г. 16: 25
фактически -16:40 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.